4-mısal. Siz lift kabinasındaģı tárezi platformasında turıpsız (5-súwret). Tosattan troslar úzilip, kabina erkin túsiw tezleniwi menen tómenge túse basladı.

a) Bul jaģdayda tárezi neni kórsetedi?

b) Túsiw waqtında awzı ashıq, tómen qarata awdarılǵan gúzeden suw tógiliwi múmkin be?



*5-súwret.*

5-mısal. Bir kese chaydi qasıq penen aralastırǵannan keyin, qasıqtı shıǵarıp alıń - túptegi shay japıraqları shetke shashılıp, ortalıqqa qaray jıynaladı. Ne ushın? [4].

**Juwmaq hám usınıslar.** Juwmaqlap aytqanda, fizikadan dástúriy bolmaǵan laboratoriya shınıǵıwları:

- talabanı shınıǵıw dawamında bilim alıw procesine biypárwa bolmawǵa, óz betinshe pikirlewge, dóretiwshilik hám eksperimental izleniwge májbúr etedi;

- talabalardı oqıw procesinde teoriyalıq bilimge bolǵan qızıǵıwshılıqlarınıń turaqlı bolıwın támiyinleydi;

- oqıtıwshı hám talabalardıń hámiyshe óz ara birgeliktegi iskerligin shólkemlestiriw;

- talabalarda hár bir máselege dóretiwshilik penen jantasıw, juwapkershilik sezimin seziniw, ilimiy-metodikalıq ádebiyatlardan durıs paydalanıwǵa, eń tiykarǵısı, bilim alıwǵa, pánge hám ózi tańlaǵan kásibine bolǵan qızıǵıwshılıǵın kúsheytedi.

**Ádebiyatlar**

1. Avlaev O.U., Jo‘raeva S.N., Mirzaeva S.R. Ta’lim metodlari. O‘quv-uslubiy qo‘llanma. – Toshkent: «Navro‘z», 2017.

2. Карлыбаева Г.Е. Физика фанини ўқитишда лаборатория машғулотларининг ўрни. //«Ҳозирги замон аниқ ва техник фанлар муаммолари ва уларнинг ечимлари» мавзусидаги Республика илмий-назарий конференция материаллари. – Нукус: 2017. 34-36-б.

3. Карлыбаева Г.Е., Матжанов Н.С. Улыўма билим бериў мектеплеринде физика пәнин оқытыўда қызықлы лабораториялық жумысларды шөлкемлестириў. // Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў. – Нукус: 2014. №3. 10-13-б.

4. Перельман Я.И. Знаете ли вы физику? -3-е изд., перераб. и доп. – М.: Гл.ред.физ.мат.лит., 1992. –С.272. (Б-чка “Квант”. Вып.82.) ISBN 5-02-014446-0.

**REZYUME.** Maqolada ta’lim samaradorligini oshirish maqsadida “Fizika o‘qitish metodikasi” fanidan laboratoriya ishlariga interfaol texnologiyalarni joriy etish haqida fikrlar bayon etilgan. Shuningdek, nazariy bilimlarni mustahkamlash maqsadida laboratoriya mashg‘ulotlaridan foydalanib talabalarning ijodkorlik va eksperimental faoliyatini oshirish muammosini hal etish mumkinligi asoslangan. “Fizika o‘qitish metodikasi” fanidagi “Jismlarning muvozanat shartlarini o‘rganish” nomli laboratoriya ishiga “Skarabey” metodini joriy qilish usuli haqida malumotlar berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлены идеи по внедрению интерактивных технологий в лабораторные работы по предмету «Методика преподавания физики» с целью повышения эффективности обучения. Также исходят из того, что задача повышения творческой и экспериментальной активности студентов может быть решена путем использования лабораторных работ для закрепления теоретических знаний. Приведена информация о методике реализации метода «Скарабей» для лабораторной работы «Изучение условий равновесия тел» по предмету «Методика преподавания физики».

**SUMMARY.** The article presents ideas for introducing interactive technologies into laboratory work in the subject “Methods of Teaching Physics” with the aim of improving the effectiveness of teaching. It is also based on the assumption that the task of increasing the creative and experimental activity of students can be solved by using laboratory work to reinforce theoretical knowledge. Information is provided on the methodology for implementing the “Scarab” method for the laboratory work “Studying the conditions of equilibrium of bodies” in the subject “Methods of Teaching Physics”.

## “TÁRBIYA” PÁNIN OQÍTÍWDA ZAMANAGÓY DIDAKTIKALÍQ TEXNOLOGIYALAR

**A.O.Meńlibaeva –** *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaģı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** zamonaviy didaktik texnologiyalar, kommunikativ kompetentlik, interaktiv metodlar, gamifikatsiya, multimedia materiallari, ta’lim jarayoni samaradorligi, tajribalar

**Ключевые слова:** современные дидактические технологии, коммуникативная компетентность, интерактивные методы, геймификация, мультимедийные материалы, эффективность образовательного процесса, эксперименты

**Key words:** modern didactic technologies, communicative competence, interactive methods, gemification, multimedia materials, the effectiveness of the educational process, experiments

**Kirisiw.** Tálim hám tárbiya óz ara tıǵız baylanıslı, bir-birin toltırıwshı eki process bolıp, oqıwshınıń tolıq shaxs sıpatında rawajlanıwına áhmiyetli tásir kórsetedi. Sonlıqtan, pedagog-izleniwshilerden, ilim wákillerinen hár bir sabaq procesinde tálimniń tárbiyalıq xarakterine ayrıqsha itibar beriw, sonıń ishinde “Tárbiya” sabaqların jáne de jetilistiriw, hár tárepleme úyreniw, nátiyjeli juwmaqlardı ámeliyatqa engiziw máseleleri boyınsha jumıs alıp barıw talap etilmekte. Oqıwshılarǵa bilim beriwde, onı bekkem-lewde, qızıǵıwshılıǵın oyatıwda, dıqqatın jámlewde,

sonday-aq olardıń kommunikativlik kompetentligin jetilistiriwde, sabaqtıń óz maqsetine jetiwinde zamanagóy didaktikalıq texnologiyalardı qollanıw tálim sapası artıwında óz nátiyjesin kórsetiwi tájiriybelerden belgili bolǵan. Ásirese, "Tárbiya" sabaqlarında zamanagóy didaktikalıq texnologiyalardı qollaw arqalı oqıwshılardıń bilim alıwı qızıqlı hám nátiyjeli boladı, jáne de alǵan bilimlerin bekkemlewge hám kelesi bilimdi iyelewge talapshań bolıwı támiyinlenedi.

**Ádebiyatlar analizi.** Didaktika – tálim-tárbiya procesin úyretiw hám oqıwshılardıń ózlestiriwin basqarıw metodları menen usılların úyrenetuǵın pán sıpatında, tálim sisteması hám onıń mazmunın, oqıtıw metodların islep shıǵıwda tiykarǵı roldi atqaradı [1]. Didaktikalıq texnologiyalar túsinigi bolsa bilim beriw procesin sistemalı shólkemlestiriw, rejelestiriw, ámelge asırıw hám qadaǵalawdı óz ishine aladı. A.V.Xutorskiydiń pikirinshe, didaktikalıq texnologiya – bul oqıtıwdıń maqset, mazmun, forma hám metodlardıń sistemalı túrde úylestiriwshi, nátiyjelilikti arttırıwǵa qaratılǵan pedagogikalıq sistema [2]. Zamanagóy didaktikalıq texnologiyalar bolsa, oqıtıwdıń eń nátiyjeli hám innovacion usıllarıń qollawǵa járdem beretuǵın texnikalıq qurallar, dástúrler hám platformalar bolıp esaplanadı. Olar oqıtıwǵa interaktiv jantasıw imkanın beredi, sonıń menen birge oqıwshılardıń bilim alıwın ańsatlastıradı.

Belgili pedagog R.Ishmuxamedov didaktikalıq texnologiyalar hám innovaciyalıq usıllardan paydalanıw boyınsha ilimiy jumıs alıp barǵan. Ol kóbinese tálim procesine innovaciyalıq jantasıw arqalı bilim beriwdi, zamangóy didaktikalıq texnologiyalar arqalı shólkemlestiriwdi, pedagogikalıq metodlardı jetilistiriw hám oqıwshılardıń rawajlanıwına járdem beretuǵın jańa usıllardı úyrenedi hám islep shıgádı [5].

**Tiykarǵı bólim.** Zamanagóy didaktikalıq texnologiyalar – oqıwshılardıń oqıw procesine belsene qatnasın támiyinlew, tálim nátiyjeliligin asırıw, tálimdi jáne de interaktiv hám qızıqlı etiw maqsetinde islep shıǵılǵan. Sol tiykarda oqıtıw metodların jetilistiriw, innovacion texnologiyalardı jaratıw máseleleri keń túrde, turaqlı úyreniw kerekligin kórsetedi. Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde "Tárbiya" páni Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń baslaması menen 2020-2021-oqıw jılınan baslap engizildi. Sol tiykarda oqıtıwshılardan kásiplik bilim hám tájiriybelerin ele de jetilistiriwdi talap etedi. "Tárbiya" pánin oqıtıwdı jetilistiriwde zamanagóy didaktikalıq texnologiyalardan paydalanıw ushın oqıtıwshı: didaktika hám zamanagóy didaktikalıq texnologiyalar haqqında, oqıtıwdıń interaktiv moetodologiyası, pedagogikalıq kommunikaciya hám zamanagóy qurallar, oqıwshılardıń belsene qatnasın támiyinlew, pedagogikalıq texnologiyalardı orınlı paydalanıw metodikası, oqıtıw procesine individual jantasıw, sonday-aq, tálimdi ólshew hám bahalaw metodları haqqında teoriyalıq hám ámeliy bilimge iye bolıwı hám turaqlı túrde tájiriybelerin arttırıp barıwı kerek.

Sońǵı jılları mekteplerde tárbiya pánin oqıtıwda zamanagóy didaktikalıq texnologiyalardı qollawǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Ásirese, oqıwshı shaxsın belsendi subyekt sıpatında rawajlandırıw, mashqalalı jaǵdaylardan shıǵıw jolların izlew, sociallıq joybarlarda qatnasıw imkaniyatları jaratılmaqta.

Biz maqalamızda ayırım zamanagóy didaktikalıq texnologiyalarǵa hám olardı "Tárbiya" sabaqlıǵında qollanıw usıllarına mısallar keltiremiz. Birinshisi, multimedia materialları hám smart taxtalarınan paydalanıw. "Tárbiya" pánin oqıtıwda video, audio, animaciyalar hám slaydlar sıyaqlı multimedia quralları járdeminde sabaq jáne de túsinikli, qızıqlı hám tásirli bolıwı támiyinlenedi. Smart taxtalar arqalı oqıtıwshı sabaqtı interaktiv tárizde alıp baradı. Oqıwshılar taxtada hárqıylı shınıǵıwlardı tez, anıq hám sapalı orınlawı múmkin. Bul bolsa waqıttan únemli paydalanıw hám oqıwshılardıń belsene qatnasıwına imkan jaratadı. Quramalı temalardı ápiwayılastırıp túsindiriwde multimedialı texnologiyalar hám smart taxtalarınıń ornı girewli esaplanadı. 1-klaslar ushın "Tárbiya" sabaqlıǵında "Meniń arzıwım" temasın multimedia materialları yaǵnıy, video qurallardan paydalanıp ótkeriw múmkin [3]. Bunda oqıwshılarǵa arzıw etiw ne ekenligin, oǵan erisiw ushın ne islew kerekligin, keleshekte kim bolıwın, jaqsı jasaw, jaqsı insan bolıw ushın házirden baslap qanday bolıw kerekligi haqqında qısqa, túsinikli etip video materialların tayarlap kórsetiwge boladı. Sonday-aq, oqıwshılarǵa keleshekte kim bolıwdı qálewi haqqında aldınnan soraw berilip, juwapların qarap sol kúngi sabaqta ózleriniń júzin keleshekte qanday kásipti qálewine qarap ózgertip ekranda kórsetiwge boladı. Qosımsha soǵan alıp baratuǵın joldı da túsindiredi. Bul arqalı olar ózlerin sol qálewleri ámelge asqanday sezip quwanadı hám talpınadı.

Ekinshi aytıp ótetuǵın usıl – interaktiv tálim platformaları, dástúrler. Sabaq dawamında interaktiv tálim dástúrlerinen paydalanıw oqıwshılardıń oqıw, jazıw, esaplaw sıyaqlı kónlikpelerin úyreniwine jaqsı járdem beredi. Ondaǵı reńli oyınlar, máseleler oqıwshılardıń dıqqatın tartadı hám qızıǵıwshılıǵın oyatadı. Házirgi rawajlanǵan, imkaniyatlarǵa tolı dáwirde óz kásibiniń pidayısı bolǵan hárqanday oqıtıwshı óz sabaqlarınıń mazmunlı ótiwi ushın interaktiv dástúrler yamasa platformalar jarata alıw, paydalanıw qábiletine de iye bolıwı maqsetke muwapıq. 1-klaslar ushın "Tárbiya" sabaqlıǵında "Meniń súyikli ertek qaharmanlarım" teması berilgen. Bul temanı ózgeshe janlı atmosferada túsindiriw hám oqıwshılar pikirlerin erkin bayan etiwi ushın arnawlı dástúrge salıp, oqıwshılar ózleri unatqan ertek qaharmanların aytqan waqtında olardı janlandırıp kórsetip beriw olardıń dıqqatın jámlewde hám pikirlerin keńeytiwde, este saqlawında jaqsı nátiyje bereri anıq dep esaplaymız.

Úshinshi usıllardan biri – gamifikaciya**.** Sabaqta waqıttı orınlı bólistirip oǵan oyın elementlerin qosıw oqıwshılardıń birdeylikten zerigiwiniń aldın aladı hám oqıwǵa qızıǵıwshılıǵın arttıradı, teńlesleri menen doslıq múnásibette bolıwına, motivaciyasınıń artıwına imkan beredi [4]. "Tárbiya" páni 1-klaslar ushın sabaqlıǵında "Sálemlesiw qaǵıydaları" teması ótiledi. Mine, usı sabaqta oqıwshılarǵa kúndelikli aytılatuǵın "úlkenlerge sálem beriw kerek" sıyaqlı sóz dizbegi átirapında sheklenip qalmastan gamifikaciya usıllarınan qollanıw anaǵurlım nátiyje bereri anıq. Bunda rolli, háreketli oyınlar oqıtıwshı fantaziyasına qarap, oqıwshılardıń jas hám psixologiyalıq ózgesheliklerin itibarǵa alǵan halda ótkeriledi.

Sonıń menen birge, orta hám joqarı klaslardaǵı "Tárbiya" sabaqların joybar tiykarında oqıtıw oqıwshılardı belgili bir tárbiyalıq tema tiykarında óz betinshe izertlew alıp barıwǵa baǵdarlaydı. Teńlesleri arasında erkin pikirlew, sın kózqarastan talqılaw, óz pikirin qorǵaw kónlikpeleri qáliplesedi "Case-study" yaǵnıy jaǵdaylı talqılaw – ádep-ikramlılıq yamasa sociallıq mashqalalardı talqılaw arqalı jeke qarar qabıl etiw kónlikpelerin rawaj-

landıradı. Oqıwshılardı turmıslıq jaǵdaylarǵa jaqınlastırıp, sociallıq juwapkershilikke úyretedi. Oqıwshılarda ózin-ózi analiz etiw hám óz ústinde islew mádeniyatın qáliplestiriw ushın refleksiv oqıtıw texnologiyalarınan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı. Bunda olar óz qáteleri ústinde izlenip, olardı saplastırıwǵa úyrenedi.

Bul texnologiyalardı pedagogikalıq processke integraciyalaw - oqıtıwdı modernizaciyalaw, oqıwshılardıń bilim alıwdaǵı jetiskenlikleriniń artıwına, olardıń erkin pikirlewi hám pánge tiyisli jeke hám tayanısh kompetenciyalarınıń qáliplesiwine tiykar boladı.

Zamanagóy didaktikalıq texnologiyalardı sabaq procesinde nátiyjeli qollanıwda jáne bir áhmiyetli másele – oqıtıwshınıń pedagogikalıq, sanlı hám kommunikativ kompetenciyasın rawajlandırıw. Házirgi waqıtta oqıtıwshı tek bilim deregi emes, al oqıwshı ushın haqıyqıy úlgi, jol-joba kórsetiwshi, másláhátshi rolin atqaradı. Sol sebepli, zamanagóy texnologiyalardı qollayna alatuǵın, innovaciyalıq pikirleytuǵın oqıtıwshılardı tayarlaw bilimlendiriw sistemasınıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri bolıp, hár bir pedagogqa úlken juwapkershilikti júkleydi. Sonlıqtan oqıtıwshılar turaqlı tájiriybe arttırıw kurslarına, tájiriybe almasıw seminarlarına barıwı, qızıǵıwı tiykarında óz ústinde izleniwi zárúr bolıp tabıladı. Bul process muǵallimniń zamanagóy didaktikalıq texnologiyalar boyınsha dóretiwshiligin, óz ústinde islew mádeniyatın hám refleksivlik qatnasın rawajlandıradı. Oqıwshılar menen birge islesiwi bekkemlenip, sabaq procesiniń nátiyjeliligi hám tárbiyalıq tásiri artadı. Ámeliy nátiyjeler sonı kórsetedi, didaktikalıq texnologiyalardı engizgen oqıtıwshılar oqıwshılarda milliy qádiriyatlarǵa húrmet, sociallıq juwapkershilik hám puqaralıq minnetin tereń sińdiriwge erisip atır.

**Juwmaq hám usınıslar.** Demek, "Tárbiya" pánin oqıtıwda zamanagóy didaktikalıq texnologiyalardı qollanıw bilim beriw procesiniń sapası hám nátiyjeliligin arttıradı, oqıwshılardı turmıslıq kompetenciyalar menen qurallandıradı. Bul texnologiyalar oqıtıwdıń dástúriy formaların jetilistirip, oqıwshı shaxsın belsendi, dóretiwshi hám juwapkershilikli insan sıpatında qáliplestiriwge xızmet etedi. Sonday-aq, sanlı pedagogika principleri tiykarında oqıtıwshınıń kásiplik kompetentligin turaqlı rawajlandırıw, birge islesiwge tiykarlanǵan bilimlendiriw ortalıǵın jaratıwda - búgingi kúndegi áhmiyetli máselelerden biri. Joqarıdaǵı tallawlar nátiyjesinde "Tárbiya" pánin oqıtıwdı zamanagóy didaktikalıq texnologiyalar arqalı jetilistiriw ushın tómendegi baǵdarlardaǵı ilimiy jumıslardı ele de úyreniw, jetilistiriw zárúr ekenligin kórdik: gamifikaciya yaǵnıy oyınlardı tálim procesine engiziw, hám interaktiv oqıtıw metodları, multimedia hám onlayn tálim resursları, smart taxtalar hám mobil baǵdarmalar, aralıqtan oqıtıw hám onlayn sabaqlar, sonday-aq, pedagogikalıq texnologiyalar hám metodikalıq jantasıwlardı óz ishine alǵan, tájiriybeden ótken ilimiy jumıslardı ámelge asırıw maqsetke muwapıq boladı. Bul arqalı oqıtıwshılardıń zamanagóy pedagogikalıq texnologiya hám metodlardı qollaw boyınsha bilim, kónlikpe hám tájiriybeleri, imkaniyatları keńeyedi.

Ulıwma orta bilim beriwde oqıwshılar mektep turmısı, oqıw, jazıw, esaplaw, tábiyat hám tárbiya sabaqların basqıshpa-basqısh úyrenip baradı. Sol processte zamanagóy didaktikalıq texnologiyalardı qollanıw oqıwshılarda kritikalıq pikirlew, kreativlik, óz betinshe úyreniw, sonday-aq kommunikativlik kompetenciyaların rawajlandırıwda úlken áhmiyetke iye. Bul texnologiyalar tálim procesin jańalaw hám jetilistiriwde tiykarǵı járdemshi qural boladı.

**Ádebiyatlar**


1. Avliyaqulov N.H., Musaeva N.N. Didaktika boshlanishi, qo'llanma. – Toshkent: «Fan va texnologiya», 2014.
2. Хуторский А.В. Дидактика и современные образовательные технологии. – Москва: «Академия», 2016.
3. Ismatova B. va b. Tarbiya, Umumiy oʻrta ta'lim maktablarining 1-sinf oʻquvchilari uchun darslik. – Toshkent: «Gʻafur Gʻulam», 2020.
4. Ciprian Vlad. Gamification – an innovative teaching metod. – Galati university press, 2021.
5. Ishmuxamedov R.J. Innovatsion texnologiyalar yordamida ta'lim samaradorligini oshirish yoʻllari. – Toshkent: TDPU, 2005.



**REZYUME.** Maqolada "Tarbiya" fanini oʻqitishda zamonaviy didaktik texnologiyalarni qoʻllash va uning ahamiyati keng turda bayon etilgan. Darslar davomida qanday zamonaviy didaktik texnologiyalarni qoʻllash kerakligi alohida kórsatilgan va uning natijalari oʻrganilgan. Maqola oʻqituvchilar uchun dars samaradorligini oshirish, oʻquvchilarning faolligini ta'minlash va tarbiyaviy maqsadlarni zamon talablari asosida amalga oshirishda amaliy ahamiyat kasb etadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается применение современных дидактических технологий в преподавании предмета "Воспитание" и их значение в широком смысле. Уроки связаны с тем, какие современные дидактические технологии следует использовать. Статья представляет собой практическую профессию для учителей, которые корректируют уроки, обеспечивают активность учащихся и реализуют образовательные задачи, основываясь на современных требованиях.

**SUMMARY.** The article describes the use of modern didactic technologies in teaching the subject of "Upbringing" and its importance in a wide range. The lessons are related to what modern didactic technologies should be used. The article is a practical profession for teachers who correct lessons, ensure student activity and implement educational tasks based on modern requirements.